

## CHA avè W

Pi bon ekip fizyoterapi ak amelyorasyon fonksyonman ki genyen onò Boston. Nou ede moun tout laj rekòmanse travay, jwe, ak viv.

Lokal nan Everett, Malden, ak sant dènye kri nou an nan Assembly Square nan Somerville.



## Pran randevou

Rele nou nan 617-591-4600 oswa vizite nou nan [www.challiance.org/services-programs/specialty-care/rehabilitation](http://www.challiance.org/services-programs/specialty-care/rehabilitation)

## Lokal CHA yo

### CHA Assembly Square

5 Middlesex Avenue, Suite 101  
Somerville, MA 02145

Yon sant reyadaptasyon dènye kri ki sou fwontyè Somerville/Medford la toupre Route 93 ak Route 16. Toupre magazen Abdenwèl yo ak Home Depot.

### CHA Everett Hospital

103 Garland Street  
Everett, MA 02149

### CHA Malden Bone & Joint Center

195 Canal Street  
Malden, MA 02148

*Touletwa lekal reyadaptasyon  
CHA yo gen anpil plas pakin gratis.*

## Pran randevou

Rele nou nan 617-591-4600 oswa vizite nou nan [www.challiance.org/services-programs/specialty-care/rehabilitation](http://www.challiance.org/services-programs/specialty-care/rehabilitation)



# Sèvis Reyadaptasyon nan CHA

N ap ede w rekòmanse  
travay, jwe ak viv.



HARVARD MEDICAL SCHOOL  
TEACHING HOSPITAL

# Sèvis CHA yo

## Fizyoterapi (PT)

### Amelyore Mouvman w

Fizyoterapis yo nan CHA travay avèk mis ou, jwenti w, ak lòt pati nan kò w pou ede w refè anba chòk, entèvansyon medikal, oswa lòt pwoblèm sante. Lè w vin wè nou n ap evalye sa w bezwen epi elabore yon plan tretman pou ou menm sèl. PT w la pral travay avè w, tankou yon antrenè pèsonèl, pou gide w pandan tout tretman an. Sa souvan gen ladan edikasyon ak egzèsis pou fè lakay.

### Men kèk nan pwoblèm yo trete yo:

- Chòk nan espò
- Chòk nan zepòl/wotatè
- Doulè nan pye ak chevi
- Difilikte mache
- Tèt vire ak pwoblèm ekilib
- Jesyon gwo frape nan tèt
- Doulè nan jwenti machwa
- Gerizyon apre ranplasman ranch
- Atrit

Nou ofri espètiz espesyal nan sante fanm.

Nou sèvi ak dènye konklizyon rechèch yo ak teknik avanse pou jwenn rezulta remakab pou pasyan nou yo.

## Terapi pou Aktivite Toulejou (OT)

### Rejwenn Konpetans pou Travay

Terapi pou aktivite toulejou yo nan CHA ap ede w repran konpetans ou yo apre chòk oswa maladi. Sa souvan konsantre sou konpetans nan mouvman fen ak aktivite toulejou tankou abiye, ekri, ak mouvman ki nesesè yo pou travay ou a. Menm jan ak PT, terapis pou aktivite toulejou yo ap travay avè w pou elabore yon plan tretman adapte epi gide w pandan tout tretman an.

### Men kèk nan pwoblèm yo trete yo:

- Chòk nan men
- Chòk poutèt estrès repete
- Mis ki foule ak chire
- Atrit ak maladi ki gen pou wè ak sa
- Zo kase
- Manm koupe
- Chòk oswa twomatis zo kraze
- Dejwentman
- Pwoblèm nè tankou chòk nan sèvo, konjesyon serebral, maladi tranble, ak esklewoz anplak
- Chòk ak pwoblèm nan nè
- Sendwòm doulè reyjonal konplèks
- Blesi ak mak
- Chòk ak enstabilite nan fil vyann
- Blesi poutèt chalè ak kouran elektrik
- Reparasyon triyal

## Òtofoni (SLP) Ede w Kominike

Òtofonis yo nan CHA ap ede avèk yon gran evantay pwoblèm pawòl, langaj, ak kominikasyon, epitou avèk pwoblèm vale. Ekip nou an travay avèk pasyan timoun ak granmoun.

### Men kèk nan pwoblèm yo trete yo:

#### Pou timoun:

- Reta nan langaj
- Pwoblèm langaj ekspresif ak reseptif (difilikte konprann ak sèvi avèk langaj)
- Pwoblèm avèk langaj ekri
- Pwoblèm atikilasyon ak pwoblèm pwodui son (difilikte pale-fè son)
- Manje ak vale
- Pragmatik (kominikasyon ak moun)
- Pwoblèm fasilitate nan pale (bege)

#### Pou granmoun:

- Vale
- Pèt pawòl
- Pwoblèm vwa
- Pwoblèm nan mouvman pou pale
- Pwoblèm entelektyèl-kominikasyon (atansyon, memwa, rezònman abstrè, konsyans, ak fonksyon egzekitif)